

**SS.7.C.4.2**

Rekonèt patisipasyon gouvènman ak sitwayen nan òganizasyon entansyonal yo.

**SS.7.C.4.2 Klarifikasyon sou Nasyon Fondamantal 1:** Elèv yo pral idantifye òganizasyon entènasyonal majè yo ke gouvènman an jwe yon wòl ladann.

Dezyèm gè mondyal la ak Olokos la te bay anpil atansyon sou tèt chaje ak pwoblèm yo ki te gen nan mond lan. Moun yo te peye plis atansyon sou dwa moun (dwa ke moun yo te senpleman genyen paske yo te ekziste). Plizyè òganizasyon diferan te kreye pou ede avèk tèt chaje ak pwoblèm sa yo. Anpil gouvènman nan tout mond la te kreye epi te patisipe nan òganizasyon entènasyonal yo ki te pwoteje dwa moun yo epi ki te fòkis sou pwoblèm ekonomik yo.

Anba a se kèk ekzanp òganizasyon entènasyonal majè ke anpil gouvènman te patisipe.

Non Oganizasyon	Non an nan Fòm kout	Senbòl	Rezon
Akò Echanj Lib Amerik di Nò a	NAFTA (AELAN)		Pèmision pou fè echanj libelibè Ozetazini, Kanada ak Meksik epi sa te ede ak komès la, pou te kreye travay, ak ankouraje ekonomi an grandi nan mitan manm li yo. Gouvènman peyi Etazini, Meksik, ak Kanada yo ankouranje pouf è echanj ak youn lòt.
Oganizasyon Trete Atlantik di Nò a	NATO (OTAN)		Yon gwoup 28 peyi ki te tonbe dakò pou pwoteje youn lòt nan ka ke ta gen yon atak; yo te fòme NATO pou pwoteje tèt yo kont Inyon Sovyetik la ak alye kominis li yo. Li se yon kontra militè ak defans nan mitan gouvènman nasyon ki se manm li yo.
Nasyon Zini	UN (NZ)		Li te kreye pou kenbe lapè nan mond lan epi devlope zanmitay ( <i>relasyon amikal</i> ) nan mitan nasyon yo. 193 nasyon (gouvènman) se manm Nasyonzini an.
Oganizasyon Echanj (Komès) Mondyal	WTO (OEKM)		Oganizasyon Echanj (Komès) Mondyal la te kreye pou pwomote grandisman echanj ak ekonomi an nan desann taks ak retire limit sou seri tip echanj. Peyi yo ka rantre epi siyen (fè) kontra sou echanj ak taks.
Tribinal Jistis Mondyal (Tribinal Mondyal)	Li pa gen non kout		Tribinal Mondyal la bay Nasyonzin konsèy legal epi jere dosye legal entènasyonal yo, tankou litij ki genyen sou zafè fontyè ant peyi yo. Peyi yo ka vin manm si yo satisfè kondisyon Nasyonzini an. Moun ka fè estaj oswa travay nan Tribinal Mondyal la